

# **Jistis ak Lapè Achiduosèz Pòtoprens**

Sekretarya  
Acheveche, ri Sen Loran  
Pòtoprens  
Tel 2515 4674

nan kolaborasyon ak

## *Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel 2943 0079 / 2222 7899  
[www.forumcitoyen.org.ht/jilap](http://www.forumcitoyen.org.ht/jilap)

## **Vyolans nan lari zòn metropolitèn nan *Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

3 mwa :  
Janvye – mas 2009

*Texte en français : voir pages 3 et 8  
En cas de citation du rapport, veuillez mentionner la source*

Rapò 30 – Rapport 30

# Komisyon Jistis ak Lapè

## Ranmase rapò janvye – mas 2009 (# 30)

### Ranmase rapò a

Komisyon Jistis ak Lapè yo ki nan zòn Pòtoprens salye tout jefò k ap fèt pou kreye yon klima sekirite nan peyi a, jefò Lapolis Nasyonal la ap fè, jefò ka p fèt anndan katye popilè yo, jefò gran sositete a pa konnen, men ki ede sositete a fè yon pa annavan.

*Nan twa (3) mwa ki sòt pase yo, janvye rive mas 2009, nou te konstate 185 viktim divès kalite vyolans nan zòn metropoliten an. Pami yo, pou pi piti, **81 moun mouri ak bal** ; nan peryòd 3 mwa anvan an sete 54. **19 moun mouri ak zam blanch** ; nan peryòd anvan an sete 9. 27 mouri nan aksidan machin ; nan peryòd anvan an sete 25 mouri nan aksidan (sitou machin). Sa vle di : vyolans ak zam – ti zam lejè tankou revòlvè, ak zam blanch tankou kouto ak manchèt – gen tandans ogmante. Sitou nan zòn Lasalin ak Site Solèy, epi nan zòn Gran Ravin ak Matisan. Sa vle di: Keson sekirite a rete yon preyokipasyon.*

Men kèk konsidérasyon nou fè pou mwa sa yo :

1. Afè zam rete yon gwo menas. Otorite yo pa janm wete zam ilegal nan men moun, epi zam pa rejistre kòm sa dwa.
2. Sekirite pa dwe represif an premye lye. Otorite yo dwe kreye yon sityasyon kote gen respè pou dwa fondamantal moun yo ak jistis sosyal, kote gen espwa sou yon lavi miyò pou denmen. Sityasyon dezespwa ak fristrasyon jèn yo ap viv rete yon baz kote vyolans kapab fleri.
3. Manke yon vre politik sekirite nan divès domèn. Pa gen sekirite fizik, pa gen sekirite jiridik, pa gen sekirite nan koze lamanjay. Devan sezón siklòn ki devan n, nou dwe repeate : pa gen sekirite nan zafè ekoloji, pa gen sekirite nan fason moun ap konstiwi kay nan ravin, sou mòn, nan kanal, el.

### Vyolans nan detansyon ak prizon

Komisyon an pwofite okazyon rapò sa a pou atire atansyon sou vyolans k ap fèt sou moun ki nan detansyon ak prizon. Kondisyon lavi yo pa bon. Pa gen espas, pa gen enfrastrikti, menm espas, alewè yon kabann pou lonje kò yo pa genyen. Eske Leta pa kab okipe 8.000 sitwayen/yèn ki nan detansyon atravè tout peyi a e ki sou kont li ? **Ki kote volonté politik la ye pou chanje sityasyon sa yo ?**

Komisyon an pibliye diferan rekòmandasyon li te voye bay diferan otorite ki genyen yon reskonsablité nan zafè detansyon, pou amelyore kondisyon detansyon ak prizon nan peyi a.

Pòtoprens, 30 avril 2009

## Résumé du rapport

Avec cette lettre ouverte, Justice et Paix vous présente son 30<sup>ième</sup> rapport sur la violence dans la zone métropolitaine, qui couvre les mois de janvier à mars 2009. Les Commissions Justice et Paix de la zone de Port-au-Prince saluent les efforts entrepris par la Police nationale pour créer un climat de sécurité dans le pays, d'autres efforts entrepris dans les quartiers populaires et méconnus par la grande société, mais qui permettent au pays de faire un pas.

Pendant ces 3 mois, dans la zone métropolitaine, nous avons constaté : **185 victimes de la violence** ont été enregistrées par notre observation. *Au moins 81 personnes sont mortes par balle ; dans la période précédente il y en avait 54. 19 personnes sont mortes par arme blanche ; contre 9 pour la période précédente. 27 sont mortes victimes d'accidents (de voiture surtout) ; contre 25 pour la période précédente. Cela signifie, la violence des armes (armes légères de poing et couteaux) a augmenté. Surtout dans les quartiers de La Saline et Cité Soleil, et dans la zone de Grande Ravine et Martissant. La violence armée a connu une nette augmentation dans la zone métropolitaine.*

### Quelques considérations sur les 3 mois :

1. *La prolifération des armes de poing reste une menace. Les armes illégales n'ont jamais été confisquées, et les armes en usage ne sont pas enregistrées correctement par les autorités.*
2. *La sécurité ne devrait être résultat d'une approche répressive en premier lieu. Les autorités doivent créer un climat où règne le respect des droits fondamentaux des personnes, où règne la justice sociale, où les gens peuvent espérer un demain meilleur pour tous et pour toutes.*
3. *L'absence de politique sécuritaire continue à être manifeste dans tout domaine. Il n'y a pas de sécurité physique, pas de sécurité alimentaire, pas de sécurité écologique, pas de sécurité judiciaire, même pas de sécurité quand on regarde la façon qu'on construit les édifices dans ou près des ravines, sur les pentes, dans les canaux, etc. Ceci est préoccupant, à la veille d'une nouvelle saison cyclonique.*

### Un dernier mot sur « violence et détention »

La Commission continue à dénoncer la violence faite sur les gens en détention dans les prisons. Leurs conditions de vie sont inhumaines. Y manque l'espace, les infrastructures, l'eau, même un lit pour se coucher. Serait-ce vraiment impossible pour l'Etat d'occuper convenablement ces 8.000 citoyens et citoyennes qui sont sous sa responsabilité directe en détention ? **Où est la volonté politique des autorités pour remédier à ces situations ?**

La Commission reprend dans ce rapport un nombre de recommandations qu'elle a adressé aux différentes autorités responsables de la question de la détention et de l'incarcération dans le pays.

Port-au-Prince, 30 avril 2009

## **Lèt tou louvri** pou tout otorite ki konsènen yo:

Madam Michèle Duvivier Pierre Louis, Premye Minis

Me. Jean Joseph Exumé, Minis Lajistis ak Sekirite Piblik

M. Mario Andrésol, Direktè Lapolis Nasyonal

M. Fritz Jean, Enspektè Jeneral Anchèf Lapolis Nasyonal

Mèt Joseph Manès Louis, Komisè Gouvènman nan Pòtoprens

M. Garry Desrosier, Pòt pawòl Lapolis Nasyonal

M. Youri Latortue, Prezidan Komisyon Jistis ak Sekirite nan Sena Republik la

Kopi: M. René Garcia Préval, Prezidan

Madanm, Mesye,  
Otorite sivil ak polisyè,

Komisyon Jistis ak Lapè nan Achidiosèz Pòtoprens ansanm ak Sekretarya Komisyon nasyonal la salye n ak anpil respè.

Jodi a, Komisyon an prezante n 30yèm rapò 1 sou vyolans k ap fèt nan zòn metwopolitèn nan, depi 1 kòmanse obsèvasyon sila a nan mwa jen 2002. Rapò sa a kouvrir epòk janvye rive mas 2009. Komisyon an travay ak yon kritè senp pou fè obsèvasyon sila a : se **moun ki mouri anba vyolans nan kapital la**. Nou te konsilte laprès, nou te koute divès moun ki pote enfòmasyon ba nou, epitou nou fè pwòp obsèvasyon pa nou. Depi kèk tan, nou jwenn konkou Lopital jeneral la ak PNH la ki ede n verifye epi konplete yon seri enfòmasyon. Nou kontan remèsyé yo pou kolaborasyon sa a. Ak tout sa, nou rekonèt limit rapò nou an genyen. Reyalite a toujou depase sa ki ekri nan rapò sila a.

*Nou fè travay sila a pou fè otorite yo ak tout sitwayen ak sitwayèn peyi a pran konsyans sou reyalite vyolans ki genyen nan peyi a pi plis, paske se li menm ki pi gwo lènmi byen viv ansanm nan sosyete nou an. Epitou, chak moun ki mouri merite pou yo kenbe memwa li si posib. Diyite l kòm moun mande sa.*

### **Men ki jan sa te ye nan mwa ki sòt pase yo**

Nan mwa janvye 2009 : nou rejistre **66** viktim vyolans ; pami yo 27 moun mouri ak bal ; 8 mouri nan aksidan machin. Pami viktim yo te genyen 9 fanm ak 2 timoun. 1 moun touye tèt li. Nan mwa fevriye, nou rejistre **46** viktim ; pami yo 20 viktim mouri ak bal, 6 ak zam blanch ; 11 moun mouri nan aksidan machin. Pami yo te genyen 8 fanm ak 1 timoun.

Nan mwa mas, nou rejistre **73** viktim ; pami yo 34 nan yo mouri ak bal, 11 ak zam blanch; 8 nan aksidan. 9 fanm ak 3 timoun te pami viktim yo.

## Men kèk detay

	<b>Mwa janvye 2009 66 viktim</b>	<b>Mwa fevriye 2009 46 viktim</b>	<b>Mwa mas 2009 73 viktim</b>	<b>Pou peryòd la 185</b>
1. Sou idantite viktim yo : Polis ak ajan sekirite ki viktim	-	1 polisyé	-	
Fanm ak timoun (idantifye) ki viktim	9 fanm 2 timoun	8 fanm 1 timoun	9 fanm 3 timoun	
Viktim yo pa konnen kilès yo ye	10	6	26	
2. Sou lakòz lanmò yo : Moun ki mouri ak bal	27	20	34	<b>81 ou 43,78 %</b>
Moun ki mouri ak bal lapolis/ Minustah	1	-	1	
Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah	1	-	-	
Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	-	4	6	
Viktim afwontman ant gang	1	-	-	
Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	23	16	27	
Moun ki touye tèt yo	1	-	-	
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt	2	6	11	<b>19</b>
Moun ki mouri nan aksidan	8	11	8	<b>27</b>
Moun ki mouri nan move tan	1	1	1	<b>3</b>
Lòt kòz ak sa yo pa konnen	29	7	19	<b>55</b>
3. Sou kèk katye : Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino	3	4	3	10
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè	4	2	14	20
Zòn Kafou	3	4	-	7
Gran Ravin ak Matisan	2	1	13	16
Petyonvil, wout Frè	3	1	6	10
Yo pa konn zòn nan / mouri lopital	11	5	14	30
4. Sou kèk lòt sikonstans: Moun ki mouri sou etikèt volò	1	2	8	<b>11</b>
Etikèt kidnapè/bandi	-	-	-	-

*Men ki konsta nou fè pou tout peryòd 3 mwa a, nan zòn metropolis an :*

- Pou pi piti, 81 moun mouri ak bal ; nan peryòd 3 mwa anvan sete 54. Apre sa, 19 moun mouri ak zam blanch ; nan peryòd anvan an sete 9. Toujou, 27 mouri nan aksidan machin ; nan peryòd anvan an sete 25 mouri nan aksidan (sitou machin). Sa vle di : vyolans lan sitou ak zam gen tandans ogmante. Sitou nan zòn Lasalin ak Site Solèy, epi nan zòn Gran Ravin ak Matisan.
- Genyen 26 fanm granmoun ak pou pi piti 6 timoun piti (gason kou fi) pam viktim yo.

- Pou zo nan viktим yo, nou pa resi konnen ki kote yo tonbe. Lè yo pote kadav nan mòg lopital jeneral, yo pa rejistre kote moun nan sòti. Menm jan tou, nan konsta jij depè yo fè (si l'fèt) yo pa fasil mete endikasyon ki pou ede konprann sa k lakòz lanmò viktим nan. Nan 55 ka nou pa kab idantifye kòz lamò a.

Nap repete yon lòt fwa:

1. Afè zam rete yon gwo menas. Vvolans ak zam kapab tounen nan peyi a, nenpòt lè, pou nenpòt rezon depi sekirite represif la ta lage, paske yo pa janm wete zam ilegal nan men moun, epi zam pa rejistre kòm sa dwa. Sa se reskonsablite otorite yo.
2. Sekirite pa dwe represif an premye lye. Wòl otorite se kreye yon klima nan peyi a kote gen respè pou dwa fondamantal moun yo, kote gen jistis sosyal, kote gen espwa sou yon lavi miyò pou denmen pou tout moun.
3. Ak sezon siklòn ki devan n, nou repete sa n te ekri nan rapò anvan an : gen yon pwoblèm sekirite nan jan moun yo konstwi kay, e pafwa blije konstwi kay, paske pa genyen yon politik Leta nan domèn sa a, oswa si genyen, otorite yo pa sèvi ak li epi yo pa fè popilasyon an konnen l. Ki sa otorite yo prevwa pou epòk siklòn yo ki devan n?

### **Yon lòt vyolans y ap fè sitwayen yo sibi**

Kondisyon detansyon anpil konpatriyòt plen ak vyolans. Kondisyon lavi yo pa bon. Pa gen espas, pa gen enfrastrikti ; menm espas, ale wè yon kabann pou lonje kò yo pa genyen. Nan moman nou ekri rapò sa a, genyen preske 4.000 detni ak prizonye nan penitansye nasional la. Chak detni pa menm genyen 0,5 mèt kare nan selil li pou l viv e pou lonje kò l. Ki moun ki kapab viv nan yon kondisyon konsa ? Prizon tounen lekòl delenkans, se yon danje prizon yo ye pou avni sosyete a. Pou ki rezon otorite yo refize louvri je yo sou kondisyon lavi moun sa yo ? Eske Leta pa kab okipe 8.000 sitwayen/yèn ki nan detansyon atravè tout peyi a e ki sou kont li ? **Ki kote volonte politik la ye pou chanje sitiyasyon sa yo ?**

**Nou pwofite rapò sa a pou mete piblik plizyè rekòmandasyon Komisyon te voye bay otorite Leta yo nan mwa avril 2009, sou kesyon detansyon pwolonje ak kondisyon lavi detni yo.**

### **Pou Direksyon Jeneral Lapolis (DGPNH)**

- Fòk li mande/egzije polisye yo ki nan komisarya ak soukomisarya yo (ki reskonsab kesyon gadavi) pou yo mete kèk fasilité anndan l, tankou kouran elektrik, dlo ak dlo potab. Sa ap itil ni pou polisye yo ki la ni pou moun yo blije kenbe pou yon ti bout tan tou.
- Fòk yo egzije pou polisye yo respekte tan 48è nan gadavi a gen dwa dire.
- Fòk yo bay polisye yo bon jan fòmasyon pou yo nonmen byen sa yo repwoche moun yo. Fòk rapò lapolis fè yo, evite pou moun yo arete yo pa gen pwoblèm pi devan ak bagay ki pa reyèl. Lapolis pa dwe blije lè yo poze yon moun kesyon, dwe genyen yon avoka oswa yon temwen li menm li chwazi ansanm ak li. Sa se yon dwa chak moun genyen (Konstitisyon, atik 24 ak 25).

### **Pou pakè yo**

- Fòk yo aplike oswa fòk yo fè yo mete an pratik sa Kòd Enstriksyon kriminèl la di nan atik 447 : majistra yo dwe vizite tout prizon yo (tout kote yo kenbe moun) ki anba otorite yo chak mwa.

- Fòk yo pèmèt pou yo egzekite tout desizyon Lajistis pran (sa yo rele òdonans yo) nan yon tan ki pa dire twòp.
- Fòk yo chèche konnen si pa genyen desizyon lajistis te pran anfavè kèk detni ki toujou nan prizon, paske yo pa t janm egzekite yo.
- Fòk yo pèmèt yo sèvi ak sa yo rele *habeas corpus* (jan Konstitisyon an prevwa 1 nan atik 26-2) tankou yon chimen pou ede ak detansyon preventiv pwolonje a.
- Fok yo veye pou detansyon pwolonje pa janm depase tan an yon detni ta jwenn kòm pinisyon si yo ta kondane l. Keson sa a poze souvan pou kèk bagay ki senp, ki pa mande twòp prizon).

### **Pou Ministè Lajistis**

- Se pou l mande epi li dwe oblige polisye yo pou respekte tan ki prevwa pou kenbe moun nan gadavi.
- Se pou l envite jijdepè yo pou fè premye ankèt yo san pèdi tan ak nan tan lalwa prevwa pou sa, sitou lè kòz la se yon bagay ki depase konpetans yo.
- Fòk li pran tout desizyon ki nesesè pou sant detansyon yo gen mwens moun ladan l, pou detni yo pa blije viv youn sou lòt.
- Fòk yo kreye nouvo espas detansyon pou detni yo kapab jwi yon pi bon fason yo jere espas prizon yo.
- Fòk li pran mezi pou fini ak pratik koripsyon yo ki anndan sistèm jidisyè a ; se pou l fikse tarif jidisyè yo pou divès sèvis yo, epi fòk yo di aklè ki jan e ki kote pou peye yo, epi fòk li mete aklè pou ki sèvis sitwayen yo dwe peye.
- Fòk li òganize pi bon kondisyon de vi nan prizon yo : fòk detni yo jwenn swen lasante ki kòrèk, dlo, manje ki kòrèk, yon kabann pou dòmi, el.
- Fòk Ministè a veye pou otorite reskonsab yo nonmen plis jij enstriksyon pou pèmèt yo trete dosye yo pi fasil, e nan tan lalwa prevwa pou sa.

### **Pou dwayen ak jij/majistra yo**

- Fòk yo fikse yon orè pou kabinè enstriksyon yo travay, epi fòk yo òganize travay la yon fason pou l pi efikas, ki pèmèt yo trete dosye yo nan yon tan ki pi kout, yon fason ki dakò ak delè lalwa bay.
- Fòk yo veye pou yo egzekite tout desizyon Lajistis pran san pèdi tan. Fòk yo pran sanksyon lè yo pa egzekite yo kòm sa dwa oubyen lè gen moun anndan sistèm nan k ap travay pou yo pa egzekite yo, paegzanp nan nivo grefye ak isye yo.

### **Pou tout moun ki reskonsab kondisyon lavi moun nan prizon yo an jeneral**

- Fòk genyen plis ajan Apena nan prizon yo, sitou nan Penitansye nasyonal la.
- Fòk gen plis sekirite alantou prizon yo.
- Fòk ajan Apena yo jwenn plis mwayen pou travay, pou travay yo vin pi fasil, sitou pou sa k bezwen travay leswa oswa lannwit ; konsa, yo pa p sèvi ak mwayen vyolans nan moman lè genyen tansyon.
- Fòk yo separate byen moun ki kondane ak moun k ap tann jijman yo. Fòk yo separate byen timoun ak granmoun yo, ni ti fi ak fanm.
- Fòk yo òrganize sant sante anndan prizon yon fason pou detni yo jwenn swen ki kòrèk lè yo malad, pou konbat maladi ki gaye fasil epitou pou genyen mwens moun ki mouri pandan yo nan detansyon.

- Fòk yo trete kadav detni ki mouri nan prizon yo ak plis respè.
- Finalman, fòk yo mete distraksyon pou detni ak prizonye yo, pou evite fristrasyon ak maladi pamí detni yo.

Pou fini, Komisyon Jistis ak Lapè yo ki nan zòn Pòtoprens salye yon lòt fwa tout jefò k ap fèt pou kreye yon klima sekirite nan peyi a, ak tout fay ki toujou genyen, sitou nan fason Lajistis ap fè travay li. Nou salye tout jefò k ap fèt, men yo timid. Nou salye sitou jefò ka p fèt anndan katye popilè yo, jefò gran sosyete a pa konnen, men ki ede sosyete a fè yon pa annavan. Lit kont koripsyon ak enpinite, kont eksklizyon ak mete moun sou kote, lit pou lajistis ak verite blayi fenk kòmanse.

Pou Komite Direktè Jilap Achipo ak Jilap Nasyonal.

*Le texte en créole est original*

Madame et Messieurs les autorités civiles et policières,

La Commission Archidiocésaine Justice et Paix et le Secrétariat de la Commission nationale vous saluent respectueusement.

Avec cette lettre ouverte, Justice et Paix vous présente son 30<sup>ième</sup> rapport sur la violence dans la zone métropolitaine depuis qu'elle a commencé cette observation en juin 2002. Ce rapport couvre les mois de janvier à mars 2009. La Commission s'est choisi un critère simple pour mesurer la violence: **les victimes mortelles de la violence à travers les rues de la zone métropolitaine**. Nous avons consulté la presse ; nous avons rencontré des témoins ; nous avons fait nos propres investigations. Pour nos derniers rapports, nous avons bénéficié de la collaboration de l'Hôpital de l'Université d'Etat d'Haïti et de la Police Nationale ; ce qui nous a permis d'encore mieux vérifier et compléter certains informations. Nous les en remercions sincèrement, tout en reconnaissant les limites de notre travail.

*Notre objectif est de sensibiliser les autorités et tous les citoyens et citoyennes sur la réalité du pays, parce que la violence constitue un handicap majeur pour construire une convivialité pacifique entre les citoyens. Chaque victime mérite qu'on fasse mémoire de lui ; sa dignité humaine le demande.*

#### Voici le résumé de nos observations :

Au mois de janvier 2009, nous avons enregistré **66** victimes de la violence, dont 27 sont mortes par balles ; 8 sont des victimes suite à des accidents de la route. Parmi eux, il y avait 9 femmes et 2 enfants victimes.

Au mois de février 2009, nous avons enregistré **46** victimes ; parmi eux 20 victimes par balles, 6 par arme blanche ; parmi eux 8 femmes, 1 enfant ; il y avait un policier victime.

Au mois de mars, il y avait **73** victimes, dont 34 sont mortes par balles ; 11 par arme blanche ; 8 sont mortes suite à des accidents de voiture. Parmi ces personnes : 9 femmes et 3 enfants.

## Voici les détails

	<b>Janvier 2009 66 victimes</b>	<b>Février 2009 46 victimes</b>	<b>Mars 2009 73 victimes</b>	<b>Pour la période 185 victimes</b>
1. Sur l'identité des victimes : Policiers et agents de sécurité	-	1 policier	-	
Femmes et enfants	9 femmes 2 enfants	8 femmes 1 enfant	9 femmes 3 enfants	
Victimes non identifiées	10	6	26	
2. Sur la cause de mort Morts par balle	27	20	34	<b>81 ou 43,78 %</b>
Morts par balle de la police / Minustah	1	-	1	
Morts dans affrontement gang avec police / Minustah	1	-	-	
Morts par balle par de gangs	-	4	6	
Morts lors d'affrontement entre gangs	1	-	-	
Morts par balle d'inconnus	23	16	27	
Morts par suicide	1	-	-	
Morts par arme blanche, couteau, roches, bâton	2	6	11	<b>19</b>
Morts accidentels	8	11	8	<b>27</b>
Environnement	1	1	1	<b>3</b>
Autres causes	29	7	19	<b>55</b>
3. Concernant certains quartiers Bel Air, Delmas 2 et 4, Fort National, Solino	3	4	3	<b>10</b>
La Saline, Cité Soleil, Cité militaire	4	2	14	<b>20</b>
Zone de Carrefour	3	4	-	<b>7</b>
Zone de Martissant et de Grande Ravine	2	1	13	<b>16</b>
Route de Delmas et Pétion-Ville	3	1	6	<b>10</b>
Zone inconnu / Hôpital général	11	5	14	<b>30</b>
4. Autres circonstances				
Morts pour accusation de vol	1	2	8	<b>11</b>
Accusation kidnappeur/bandit	-	-	-	

Pendant ces 3 mois, dans la zone métropolitaine, nous avons constaté :

- Au moins 81 personnes sont mortes par balle ; elles étaient 54 dans la période précédente. 19 personnes sont mortes par arme blanche ; contre 9 pour la période précédente. 27 sont mortes victimes d'accidents (de voiture surtout) ; contre 25 pour la période précédente. Cela signifie, la violence des armes a augmenté. Surtout dans les quartiers de La Saline et Cité Soleil, et dans la zone de Grande Ravine et Martissant.
- Parmi les victimes figurent 26 femmes adultes et au moins 6 enfants (garçons et filles).
- Pour 30 victimes nous ne savons pas le lieu où elles sont tombées ; ces données manquent dans les archives de la morgue de la HEUH. De la même façon les procès verbaux dressés par le juge de paix manquent d'indications permettant à identifier la cause de la mort dans 55 cas.

### **Quelques considérations sur les 3 mois :**

- *La prolifération des armes de poing reste une menace.* La violence armée dans le pays pourrait facilement faire surface dans le pays, depuis qu'on relâche un peu l'approche répressive, parce les armes illégales n'ont jamais été confisquées, ensuite, les armes en usage ne sont pas enregistrées correctement. Ceci est du devoir des autorités.
- *La sécurité ne devrait être résultat d'une approche répressive en premier lieu.* Le rôle des autorités est de créer un climat où règne le respect des droits fondamentaux des personnes, où règne la justice sociale, où les gens peuvent espérer un demain meilleur pour tous et pour toutes.
- *A l'approche d'une nouvelle saison cyclonique,* nous répétons ce qui a écrit dans le rapport précédent. Dans le pays, il n'y a pas de sécurité écologique, pas de sécurité quand on regarde la façon qu'on construit les édifices dans ou près des ravines, sur les pentes, dans les canaux, etc. *Il manque une politique de l'Etat dans ce domaine ; et le peu qui existerait ne sert à rien ou est inconnu de la population.* Où sont les mesures qui préparent la saison cyclonique qui s'annonce ?

### **Violence et détention**

Nous voulons attirer votre attention sur les conditions de détention dans les prisons, qui sont des situations de violence. Les conditions de vie sont inhumaines. Y manque de l'espace, des infrastructures, de l'eau, même un lit pour se coucher fait défaut. Au moment d'écrire ce rapport, le pénitencier national contient près de 4.000 détenus et prisonniers. Chaque détenu ne dispose même pas de 0,5 mètre carré d'espace vitale. Qui peut vivre dans des conditions de vie semblables ? Les prisons sont des écoles de délinquance et constituent un danger pour la société. Pourquoi les autorités du pays refusent d'adresser la question ? Serait-ce vraiment impossible pour l'Etat d'occuper convenablement ces 8.000 citoyens et citoyennes qui sont sous sa responsabilité directe en détention ?

Nous dénonçons le manque de conscience humaine d'un nombre de juges qui reçoivent un dossier pénal et qui ensuite partent à l'étranger pour raison d'étude ; d'autres arrivent en retard dans leurs bureaux ; d'autres encore ont tellement d'occupations différentes qu'ils ne sont même pas en mesure d'occuper les dossiers qui leurs sont confiés. Où est la volonté politique des autorités pour remédier à ces situations ?

A l'occasion de ce rapport, nous rendons public les recommandations faites par la Commission aux autorités de l'Etat au mois d'avril 2009 par rapport à la détention prolongée et la condition de vie des détenus.

### **A la Direction Générale de la Police Nationale (DGPNH)**

- Nous demandons qu'elle intervienne ou demande des interventions au niveau des commissariats ou sous-commissariats (milieu des gardes à vues) pour les électrifier, alimenter en eau potable pour mieux accueillir et loger les membres de la PNH comme les personnes retenues.
- Qu'elle pousse les policiers à respecter le délai du garde-à-vue.
- Qu'elle forme les policiers à qualifier correctement les infractions. Les rapports de police doivent être bien faits pour éviter des ennuis ultérieurs aux personnes arrêtées.

## **Aux parquets**

- Qu'ils appliquent et fassent appliquer l'art 447 du C.I.C qui fait injonction aux magistrats de visiter une fois par mois les centres de détentions qui dépendent de leurs juridictions.
- Qu'ils veillent à ce que les ordonnances ou décisions judiciaires soient exécutées dans des délais raisonnables.
- Qu'ils vérifient s'il n'y ait pas des ordonnances qui ne sont pas exécutées en faveur de certains détenus.
- Qu'ils libèrent les voies de recours en *habeas corpus* dans le souci de combattre la question de détention préventive prolongée, comme prévu par la Constitution (article 26-2).
- Qu'ils prennent des mesures pour que la détention préventive ne dépasse en aucun cas le temps que coûterait une condamnation (pour voie de fait simple par exemple).

## **Au Ministère de la Justice**

- Qu'il invite et oblige les policiers à respecter le délai de la garde-à-vue.
- Qu'il invite les juges de paix à faire les informations préliminaires sans tarder et à temps lorsque les infractions ne relèvent pas de leurs compétences.
- Qu'il prenne les mesures pour décongestionner les centres de détentions afin d'éviter le surpeuplement carcéral.
- Qu'il organise plus de centre de détention au profit des prisonniers pour permettre une meilleure gestion des espaces pénitentiaires.
- Qu'il prenne des mesures pour extirper la corruption qui ronge le système judiciaire ; qu'il fixe les tarifs judiciaires et les modalités de paiement si les citoyens sont tenus à payer des frais.
- Qu'il assure de meilleures conditions de vie en détention : comme des soins de santé adéquats, eau, nourriture convenable, des lits pour dormir, etc.

## **Aux doyens et aux juges**

- Qu'ils fixent des horaires de travail aux cabinets d'instruction et qu'ils procèdent par roulement pour les juges d'instruction par souci de voir plus de dossiers traités dans des délais plus courts.
- Veiller à l'exécution prompte des décisions de justice ; prendre des sanctions contre des retards non justifiés ou des actions d'obstruction au niveau des greffes ou des services des huissiers.
- Augmenter le nombre des juges d'instruction pour faciliter un meilleur traitement des dossiers dans les délais impartis par la loi.

## **Aux responsables des conditions générales de la détention**

- Qu'ils augmentent le nombre d'agents pénitenciers au niveau des centres de détention, surtout au niveau du Pénitencier National à Port-au-Prince.
- Qu'ils renforcent la sécurité autour des centres de détention.
- Qu'ils donnent plus de moyens aux agents Pénitentiaires pour alléger leur tâche surtout ceux qui travaillent le soir pour qu'ils ne recourent pas à des moyens forts au moment de tensions.
- Qu'ils séparent les personnes condamnées des personnes en détentions ; qu'ils aménagent des espaces séparées pour mineurs des adultes, pour femmes et fillettes.
- Qu'ils aménagent les centres de santé afin que chaque détenu puisse trouver des soins convenables en cas de maladie, ceci pour freiner la propagation de maladies infectieuses et le nombre de décès en détention.
- Qu'ils donnent un traitement plus digne des dépouilles mortelles des détenus décédés en prison.

- Enfin, qu'ils créent plus de loisir pour le besoin des prisonniers, pour éviter la frustration, la maladie et pour diminuer le nombre de décès parmi les détenus.

Les Commissions Justice et Paix de la zone de Port-au-Prince saluent encore une fois les efforts entrepris pour créer un climat de sécurité dans le pays, même si c'est avec beaucoup d'hésitations. Nous saluons surtout les efforts entrepris dans les quartiers populaires, des efforts souvent méconnus par la grande société, mais qui permettent au pays de faire un pas. Le chemin est encore long. La lutte contre la corruption et l'impunité, contre l'exclusion et la marginalisation, pour la justice et la vérité vient de commencer.

Pour le Comité Directeur de la Commission archidiocésaine et de la Commission nationale Justice et Paix.

Djimmmps Gilles,  
Secrétaire général Justice et Paix, Port-au-Prince

P. Jan Hanssens, Directeur national  
Port-au-Prince, 30 avril avril 2009

**Tablo vyalans sou zòn metropolitèn nan  
Pou mwa janvye 2009**

<b>Jou ak dat ak lè</b>	<b>Enfòmasyon sou viktim yo</b>	<b>Ki kote, zòn, katye</b>	<b>Esplikasyon nou ranmase sou viktim nan, nan moman aksyon an te pase.</b>
Jedi 1 janvye 2009, nan aswè	Aristide Patrick	Site Soley, Riyèl Karayib	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.
Samdi 3 janvye 2009, nan lajounen	Yon moun yo pa konnen	Pòtoprens, Ri Mirak	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.
Samdi 3 janvye 2009, nan lajounen	Pierre Jude	Kwadèboukè, zòn Fon Parizyen	Viktim nan mouri apre li te fin resevwa plizyè kout baton.
Samdi 3 janvye 2009, nan lajounen	Ti Nènè	Ri Mirak	Viktim nan te mouri ak bal lapolis sou akizasyon vòlò telefòn.
Dimanch 4 janvye 2009, nan lajounen	Fleurimond Jakso	Delma, toupre lopital San Fwontyè	Kòz lanmò viktim nan pa idantifye, yo te transpòte I nan mòg lopital jeneral.
Lendi 5 janvye 2009, nan lajounen	Netone	Pòtoprens, zòn Kwadepre	Lapli t ap tonbe, viktim nan t ap netwaye devan lakay li. Yon mi tonbe. Dlo te pote l ale, yo te jwenn li mouri.
Lendi 5 janvye 2009, nan lajounen	Lamarre Fresnel	Pòtoprens, zòn Sant Vil	Kòz lanmò viktim nan pa idantifye, yo te transpòte I nan mòg lopital jeneral.
Lendi 5 janvye 2009, nan lajounen	Yon moun ki pa idantifye	Kafou	Kòz lanmò viktim nan pa idantifye, yo te transpòte I nan mòg lopital jeneral.
